



KUDANWA KWEMUPOROFITA

Chidzidzo 2 cha Gumiguru 10, 2026




«Ipapo ndakanzwa
inzwi raShe riciti:
“Ndingatuma aniko?
Ndiani ungatiendira?”
Ipapo ndakati, “Ndiri
pano ini, nditumei.”»
(Isaya 6:8)

Pane musiyano wemakore anenge 1 900 pakati paAbhurahamu (muprofita wekutanga weTestamente Yekare) naJohani Mubhabhatidzi (muporofita wekutanga weTestamente Itsva).

Wekutanga akazivisa sungano achishandisa “mbeu.” Wechipiri akazivisa kuuya kwe“mbeu” yacho (Jesu), uyo aizozadzisa sungano yakanga yavimbiswa.

Panguva iyoyo, vamwe vaporofita vakadanwa kuti vadzose hukama hwevanhu naMwari uye kuchengetedza tariro yekuuya kwaMesiya. Vamwe vakatotaurira nguva chaiyo yaizosvika Mesiya.

Vaporofita ava vakasarudzwa sei? Vakapindura sei kudaidzwa kwavo kuva vaporofita?



Abhurahamu: Muporofita wesungano



Eria: Muporofita wekudzoreredza



Isaya: Muporofita wezvaMesiya



Dhanieri: Muporofita wenguva iri mberi



Johani Mubhabhatidzi: Muporofita anotangira

ABHURAHAMU: MUPOROFITA WESUNGANO

"Zino Jehova wakati kunaAbrama, 'Ibva panyika yako, nokuhama dzako, nokuimba yababa vako, uende kunyika yandicakuratidza iyo' " (Genesisi 12:1)

Abhurahamu ndiye munhu wekutanga kunzi "muporofita" (Gen. 20:7). Akadanwa naMwari pachake kuti asiye kunamata zvifananidzo netsika dzakaipa dzaiva dzakamupoterredza, oenda kunzvimbo yaaisaziva (Gen. 12:1).

Pamwe chete nekudanwa uku pakauya zvipikirwa zvakati wandei. Aizowana makomborero aMwari, aizokwidziridzwa, uye kuburikidza naye, makomborero acho aizosvikira "marudzi ose enyika" (Gen. 12:2-3).



Akaita sei pakupindura kudanwa kwacho? "Nokutenda Abrahamama, wakati adanwa, akaterera, akabuda, akaenda kunzimbo yaakanzi ucaipiwa iue nhaka yake; akabuda akaenda, asingaziwi kwaanoenda" (VaHebhuru 11:8).

SaMuporofita, Abhurahamu haana kudaidzwa kuti azivise nezvenjodzi iri kuuya, asi kuti azivise nezvaMwari wechokwadi uye kuti abudise pachena vimbiso yeruponeso kuburikidza naMesiya.

ABHURAHAMU: MUPOROFITA WESUNGANO

"Zino Jehova wakati kunaAbrama, 'Ibva panyika yako, nokuhama dzako, nokuimba yababa vako, uende kunyika yandicakuratidza iyo' " (Genesisi 12:1)

Panguva yaakagara muKenani, Abhurahamu (uyo zita rake rekutanga raiva Abram) akasangana naMwari kakawanda, uye panguva idzi akagamuchira mashoko akasiyana-siyana:



Panguva iyoyo chaiyo, Mwari akaita sungano naAbhuramu, achipfuura nepakati pezvibayiro (Gen. 15:7-21)



KuShekemu akavimbiswa kuti vana vake vaizogara nhaka nyika yeKenani (Gen. 12:6-7)



Mwari akachinja zita rake near Sara, uye akamuvimbisa kuti vedzinza rake vaizova mwanakomana waSara (Gen. 17:1-8, 15-16)




PaBheteri, Mwari akamutsidzira sungano yake, achimuudza kuti vazukuru vake vaizofanana ne "guruua renjika" (Gen. 13:14-18)



Mwari akazviratidza kuna Abhurahamu ari mumuviri, pamwe chete nengirozi mbiri, vakazivisa kwaari nezvekuzvarwa kwalsaka (Gen. 18:1-2, 10)



KuMamre, akavimbiswa kuti vana vake vaizowanda senyeredzi. "Iye akatenda Jehova, akamuti ndiko kururama kwake" (Gen. 15:1-6)




Mwari akakumbira Abhurahamu kuti ape mwanakomana wake Isaka sechibayiro. Nekupa chimwe chinhu chekutsiva chibayiro ichocho, zano guru rerudzikunuro rakaziviswa kwaari (Gen. 22:1-3, 9-13).


ERIA: MUPOROFITA WEKUDZOREREDZA

"Zino Eria akaswedera kuvanhu vose, akati: Mucaramba mucifunga mifungo miviri kusikira riniko? Kana Jehova ari Mwari, mumutevere, kana ari Baari, mumutevere iye. Asi vanhu havana-kupindura shoko rimne."

(1 Madzimambo 18:21)



Ahabhi naJezebheri vakanga vatungamirira rudzi rwalsraeri mukuramba kutenda kwakakomba. Vashoma chete ndivo vaishumira Mwari; vamwe vose vainamata Bhaari, Ashera navamwe vamwari. Muchirevo chechinyorwa ichocho, Mwari akadana muprofita Eria kuti adzorere ukama hwake nevanhu vakasarudzwa (1 Madzimambo 17:1).



Mushure memakore akawanda ekusanaya kwemvura, Eria akadana valsraeri kuGomo reKarmeri kuti avakurudzire kudzokera kuna Mwari, asi havana kubvuma (1 Madzimambo 18:21). Mushure mechishamiso ndipo vakaziva Mwari wechokwadi (1 Madzimambo 18:30-39).



Shoko remuporofita Eria—rokusiya kunamata zvidhori uye kutendeukira kuna Mwari—richaziviswa zvakare nesimba Kuuya Kwechipiri kusati kwasvika. Chinangwa charo chikuru: kudzoreredza atari yemhuri (Maraki 4:5-6).

Kuburikidza nemhuri, kunamata kuchadzoserwa kusangano, kunharaunda, uye kumarudzi. Ndiani achaita basa iri? Iwe neni ndisu Erija anodiwa nenyika nhasi.



ISAYA: MUPOROFITA WEZVAMESIYA

"Isu tose takanga takarashika samakwai, takatsauka mumhe nomumhe nenzira yake; asi Jehova wakaisa pamsoro pake kuipa kwedu tose." (Isaya 53:6)



Isaya akadanwa kuti akumbire vanhu kuti vabvume kutadza kwavo uye vagamuchire kuregererwa naMwari (Isaya 1:18).



Mambo Uziya paakafa, Isaya akagamuchira chiratidzo chinokatyamadza chaaizorangarira muhushumiri hwake hwose: Mwari akanga ari muTemberi yake tsvene uye, magwatidziro achizununguka, mwoyo womuporofita wakadedera nokuda kwokusafanira kwake (Isaya 6:1-5).

Mushure mekuregererwa, akakwanisa kuzivisa shoko raMwari asingatyi: "Ndiri pano ini, nditumei" (Isaya 6:6-8).

Hushumiri hwake hwenguva refu hauna kungosanganisira kudaidzira vanhu kuti vatendeuke chete, asi zvikuru-guru akaparidza nezvebasa raJesu, Mesiya.




Hazvishamisi kuti bhuku ralsaya rinonzi "the proto-gospel" (kureva kuti, Evhangeri iri pamberi peEvhangeri).



ISAYA: MUPOROFITA WEZVAMESIYA

"Isu tose takanga takarashika samakwai, takatsauka mumhe nomumhe nenzira yake; asi Jehova wakaisa pamsoro pake kuipa kwedu tose." (Isaya 53:6)



Chitsauko 53 chalsaya chine tsananguro yakadzama yezano reruponeso rakaitwa naJesu:



Kukwezva kwake kwakanga kusiri kwenyama, asi kwemweya (v. 2)



Wakazidzwa, nokurashwa (v. 3)



Kunyange zvazvo akaporesa vanhu vazhinji, havana kumugamuchira (v. 4)



Kuburikidza nerufu rwake pamuchinjikwa, anotipa ruponeso (v. 5)



Jehova wakaisa pamsoro pake kuipa kwedu tose (v. 6)



Haana kuzvidzivirira pamberi pevaimupomera mhosva (v. 7)



Akatongwa akatongerwa rufu (v. 8)



Akavigwa pamwe chete navapfumi (v. 9a)



Haana kumbobvira aita chivi (v. 9b)



Akamuka zvakare mushure mekufa kwake kwekuyanana (v. 10)




Rimwe zuva achagara nevaya vaakadzikunura (v. 11)



Iko zvino, anotireverera (v. 12)

DHANIERI: MUPOROFITA WENGUVA IRI MBERI

“asi kudenga kunaMhari unozivisa zakavanzika; ndiye wakazivisa mambo Nebukadnezari zicazova’po pamazuva okupedzisira.” (Danieri 2:28a)



Kubva pakutanga, Dhanieri aizivikanwa nekuvimbika kwake. Akanga akavimbika panyaya dzekudya (Dan. 1:8); akanga akavimbika pakupa Mwari mbiri (Dan. 2:27-30); akanga akavimbika pakuzivisa nezvenjodzi yaizowira Nebhukadnezari (Dan. 4:19); akanga akavimbika pakushora chivi chaBherishazari (Dan. 5:22-23); uye akanga akavimbika muupenyu hwake hwemunamato (Dan. 6:10).





Pamusoro pemashoko aaitaura kuburikidza nehupenyu hwake, akadanwa kuzozivisa nezvekumuka nekudonha kwehumambo huku hwepasi rose: Bhabhironi, Persia, Greece, Roma neEurope (Dan. 2, 7-12)

Pamwe chete neuporofita hune chekuita nehumambo hwenyika, Dhanieri akazivisa nezveKutongwa (Dan. 7:9-10) uye nguva chaiyo yekuuya kwaJesu kekutanga (Dhan. 9:24-27)




Huporofita hwake hunotibatsira nhasi kuzivisa kuzadzika kwechikamu chichiri kuzadzika: kusvika kwoHumambo hwaMwari (Dan. 2:44; 7:27).



JOHANI MUBHABHATIDZI: MUPOROFITA ANOTANGIRA

"Akati: Ndini inzwi rounodana murenje, ricitis, 'Ruramisai nzira yaShe,' sezakarebga nomuprofita Isaya. " (Johani 1:23)

Kufanana nevamwe vaprofita—vakadai saSamueri kana Jeremiya—Johani akatsaurwa asati aberekwa. Akadanwa kuti aite basa raEria, semutangiri waMesia (Ruka 1:13-17).



Hupenyu hwake hwakaoma, uye kusundwa kwake mukuzivisa chivi uye kudana nokukurumidza kuti vanhu vatendeuke, kwakatungamirira vazhinji kuti vabhapatidzwe (Marko 1:4-6). Hushumiri hwake hwakaratidza shanduko mulsiraeri iyo dhiyabhorosi aikwanisa kupikisa zvisina simba, zvichikonzera kufa kwemuprofita (Ruka 9:9).

Basa raJohani (iro riri zvakare basa raEria) ibasa redu iko zvino. Tinodanwa kuti tigadzirire kuuya kwaJesu nekuparidzira vanhu vose evhangeri yekutendeuka nezveruponeso kuburikidza nerufu rwaJesu rwekudzikinura vanhu.

Hausi mutepfetepfe. Zvinoda kutendeka, uye kuzvipira. Chengetedzo haina vimbiso, asi hupenyu husingaperi ndehwedu, uye hweavo vanogamuchira shoko nhasi).



“Zvinhu zvinokosha zvikuru kusangano raMwari riri panyika nhasi—avo vanochengeta bindu rake remizambiringa—mashoko ekupa mazano nekuyambira akapihwa kuburikidza nevaporofita, avo vakajekesa chinangwa chake chisingaperi chine chekuita nevanhu. Muzvidzidzo zvevaporofita, rudo rwake kuvanhu vakarasika uye zano rake rekuvaponesa zvinoratidzwa zvakajeka. [...] Uye nhasi, shoko raMwari kusangano rake—kune avo vari kushanda mubindu rake remizambiringa sevarimi vakatendeka—harisi rimwe kunze kwe rakataurwa kuburikidza nemuporofita wekare: “Munda wemizambiringa, ciuimbirai! Ini Jehova ndini mucengeti wawo; ndicaudiridza nguva imwe neimwe; ndicaucengeta masikati novusiku, kuti urege kutadziwa nomunhu.” (Isaya 27:2-3)” -Non-Official translation by Gift Mawoyo

EGW (Prophets and Kings, p. 22)

APPENDIX: THE PROPHETIC CALL OF ELLEN G. WHITE

Ellen Gould Harmon received her first sight in December 1844, when she was 17 years old.

William Miller had interpreted the prophecy of Daniel 8:14 as announcing the return of Jesus in 1843. Later, the date of October 22, 1844, was set. But Jesus did not come.

In that context, Ellen was shown a path leading from this earth to the heavenly Jerusalem, and the Adventist believers were journeying toward the Holy City, guided by Jesus. If their eyes remained fixed on Jesus, they advanced along the path. If they looked away, they fell off it.

With this vision, God assured believers that they were on the right path. Although few believed Ellen at first, she was eventually accepted as a prophet. Her messages encouraged and guided the Adventist people from its beginnings, and they continue to do so today.

